ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКАЯ ГАЗЕТА ИТУМ-КАЛИНСКОГО МУНИЦИПАЛЬНОГО РАЙОНА

№ 18 (361), 26 мая 2020г.



Ведучи

Свободная цена

Мархийн беттан дезачу денца Нохчийн Рспубликин Куьйгалхочун, Россин Турпалхочун Кадыров Рамзанан декъалдар

Хьоме вежарий а, йижарий а!

Аса даггара декъалдо шу Исламан сийлахь-доккхачу дезачу денца – Мархийн бутт (Ид аль-Фитр) чекхбаларца!

Ид аль-Фитр дийно шена чулоцу къинхетаман, дог лазаран, вовшашца ларам хиларан мехаллаш. Цо гIо до юкъараллехь цхьаьнаэшшара кхиар, цхьаалла чIагIъярна, гергарлонан, доттагIаллин уьйраш ларъярна дог-ойла гIаттайо. ХIокху сийлахьчу дезачу дийнахь адамаша къаьсттинчу тидамехь латтабо шайн-шайн гергарнаш, бевза-безарш, шайн дегнийн йовхо ло царна.

Мел чIогIа халахеташ делахь а, Мархийн сийлахь бутт вай дIабаьхьира коронавирусан ун даржарца доьзна доза тохаран Iаламат чолхечу хьелашкахь.

COVID-19 цамгар яржаро бихкира вайна Далла гIуллакх дарна маьждигашка боьду некъ, вешан хIусамийн неIарш дIакъевлира вай хьешашна хьалха. Доккха зер хилла дIахIоьттира иза Нохчийн Республикин а, дерриге дуьненан а бусалбанашна!

Суна къаьсттина билгалдаккха лаьа хIокху сийлахьчу баттахь вайн регионан бахархоша и хан, Дела дага а лоцуш, КъурIан а доьшуш, динан гIуллакхаш а деш, шайн доьзалшкахь яьккхина хилар. Адамаша шайн ламазашкахь доьхура бусалба динан уммат, вайн мохк, дуьненара дерриге а адамаш коронавирусах лардаре. Дала шен дуьхьа лорийла вайн динарг!

Лаьа суна шуна тIехула маьрша стигал а, шуьгахь ондда дин а хуьлийла, доьзалехь токхо а лаьттийла.

Дезачу денца!

Р.А.КАДЫРОВ
Нохчийн Республикин Куьйгалхо

Поздравление с праздником Ид аль-Фитр

Дорогие друзья!

Искренне поздравляю Служителя священного КОРАНА, Хранителя реликвий Пророка МУХАММАДА(І.с.в.), Героя Ислама, Главу Чеченской Республики, Героя России Рамзана Ахматовича Кадырова, Президента Регионального общественного фонда имени Первого Президента Чеченской Республики, Героя России Ахмат-Хаджи Кадырова (ДАЛА гIазот къобал дойла цуьнан) Аймани Несиевну Кадырову, а также всех мусульман с праздником Ид аль-Фитр.

Этот праздник несет в себе глубокий нравственный смысл, напоминает нам об истинных ценностях в жизни человека и общества, призывает к чистоте души и единению, проявлению заботы и внимания к родным и близким, является символом торжества высоких духовных качеств и нравственных норм. Мусульмане бережно относятся к богатому духовному, историческому наследию предков, чтут заветы и обычаи своих отцов и дедов, приобщают к ним подрастающее поколение.

В этот праздничный день искренне желаю, чтобы Всевышний принял все мольбы постившихся в месяц Рамадан и очистил своих рабов от грехов. Пусть для каждого мусульманина будут главными вечные ценности жизни, к обретению которых мы стремились, поклоняясь Создателю в этот священный месяц. С праздником!

ДАЛА вайн марханаш къобалдойла!
ДАЛА тIаьхье беркате йойла!
АЛЛАХIУ АКБАР!!!

Мовсар АЛХАСТОВ
глава администрации Итум-Калинского муниципального района

РОФ оказал продуктовую помощь 2300 семьям Дагестана

Региональный общественный фонд имени Героя России Ахмата-Хаджи Кадырова регулярно проводит благотворительные акции в Республике Дагестан в период вспышки COVID-19.

Жителям соседнего региона оказывается продуктовая помощь, а для системы здравоохранения закупаются медикаменты, средства защиты и оборудование для борьбы с коронавирусом.

В четверг, 21 мая, более 2300 семей в Хасавюрте и населенных пунктах Хасавюртовского района получили продуктовые наборы. Акция приурочена к предстоящему празднику разговения Ид аль-Фитр.

Как отметил на своей странице в соцсети Глава ЧР Рамзан Кадыров, самый тяжелый удар пандемии коронавируса в СКФО принял Дагестан. По последним данным, в республике COVID-19 диагностирован у 3643 человек. «Мы с глубокой тревогой и озабоченностью наблюдаем за плачевной ситуацией, с которой столкнулись наши соседи. И мы готовы оказать посильную помощь, как велит нам наш религиозный и гражданский долг!… Мы желаем братским народам Дагестана и нам всем терпения и сил. Да поможет нам Всевышний в это непростое время!», – написал Р. Кадыров.

Благотворительная акция РОФ в честь завершения Рамадан

Региональный общественный фонд им.Первого Президента ЧР, Героя России Ахмат-Хаджи Кадырова (ДАЛА гIазот къобалдойла цуьнан) провел очередной религиозный обряд «сагIа».

По случаю завершения священного месяца Рамадан Итум-Калинскому муниципальному району было выделено 5 голов крупного рогатого скота.

Мясо жертвенного животного получили 574 семьи района.

ДАЛА сагIа къобалдойла!
ДАЛА Шен дуьхьа дойла аша ле лошдерг!

А.МАЛИКОВ

В центральной мечети Грозного прошел Ид-намаз с соблюдением норм предосторожности

В центральной мечети г. Грозного имени Первого Президента ЧР Ахмата-Хаджи Кадырова состоялся единственный в республике Ид-намаз.

Он прошел в строгом соответствии с нормами предосторожности от COVID-19. Учитывая сложную эпидемиологическую ситуацию, в ЧР отменены крупные религиозные мероприятия.

Духовным управлением мусульман республики по согласованию с властями было принято решение разрешить проведение Ид-намаза, чтобы в благословенный Ид аль-Фитр просить о милости и прощении Всевышнего.

В праздничной молитве приняли участие кадии районов, имамы сел и тамады вирдов за исключением людей старше шестидесяти лет. Имамом выступил муфтий республики Салах-Хаджи Межиев.

В мероприятии были задействованы волонтеры и врачи, которые проводили дезинфекцию и измеряли температуру, следили за наличием масок и соблюдением социальной дистанции.

После Ид-намаза собравшиеся совершили дуа, прося Всевышнего защитить от пандемии коронавируса.

Пресс-служба Главы и Правительства Чеченской Республики

В честь празднования Ид аль-Фитр детям Итум-Калинского района раздали сладости от РОФ

По поручению Главы Чеченской Республики, Героя России Рамзана Ахматовича Кадырова сегодня в Итум-Калинском муниципальном районе прошла очередная масштабная благотворительная акция от Вице-президента РОФ имени Первого Президента ЧР, Героя России Ахмата-Хаджи Кадырова (Дала гIазот къобалдойла цуьнан) Медни Мусаевны Кадыровой совместно с Домом моды Firdaws.

В честь светлого праздника Ид аль-Фитр детям Итум-Калинского муниципального района привезли 5 000 пакетов с лакомствами.

Волонтерами района сладости доставлялись на дом, дабы, не нарушая режим самоизоляции, порадовать маленьких граждан нашего района.

ДАЛА сагIа къобалдойла!

А.БАУДИНОВ




Собар ду оьшуш дерг

Стигланашка хьала оьхуш, цигахь совцийлаш ехкина а, лаьттан кийрара маьIданаш гулдеш, цунах хазнаш йина а, ваьш дуьненан Iилманийн кIоргене кхаьчна аьлла хеташ, цунах куралла йина а довллуш дохкура вай, дуьненан адамаш. Вайна дицделлера, кху дуьненан а, кху тIехь долчуьнан а да хилар. И дага а доуьйтуш, тахана вайн дахарехь хIоьттинчу хьолах лаьцна дийцира Итон-Кхаьллан кIоштан къедин заместителя Мацукаев Мохьида:

- Хьалха заманашкахь а хилла ун долалуш а, иза даьржаш а, дукха адамаш хIаллак хуьлуш а, мехкаш дассалуш а. Iеламнаха дийцина, Иракъехь доьлла ун бахьана долуш 10 эзар бер даларх лаьцна. Жайнаша дийцарехь, дагахь Къуръанаш хууш бераш а хилла уьш. АллахIа Шен сийлахьчу Къуръан чохь боху: хьалха хиллачу умматашна а элчанаш, Шайн геланчаш, бахийтина Ша. Амма оцу умматаша (къаьмнаша) шайна деъначуьнца керстаналла дар бахьана долуш, уьш зийна къеллица, дуьненан дахаран готталлица, лазаршца, цамгаршца. ХIунда? Хьастабелла уьш Шега боьрзур бацара-те, деккъа Шена Iибадат деш дIахIуттур бацара-те, аьлла.

Тахана бегашийна санна, Китайн халкъаша тIемадовлу дехкий даарна хилла бохуш, вай Iаш доллушехь, вайга а схьакхаьчна дуьненан баланах дакъа. ХIоьттинчу хьолехь, беккъа цхьа нийса некъ къастийна – нах шайн-шайн хIусамашкахь чохь совцар. Вайх массо а теш ву и некъ вайн куьйгалло – Кадыров Рамзана



а, цуьнан накъосташа а лаккхарчу низамехь, тIегIанехь дIакхоьхьуш хилар. Ун доьллачу хенахь шайн цIентIехь сацарх, ун долчу юьрта чуцавахарх, цигара арацаваларх пайда болуш хилла хьалха заманашкахь а. КIелхьара довла лаам болуш, туьканашкара, базаршкара дааршца вешан хIусамаш хьалаюьзна, кечамаш бина вай. Амма коьртаниг - АллахIан дош дицделла: Ша адамашна тIе бала тосур бац, уьш Шега дерзийтархьама, Шега хьастадалийтархьама бен, боху Дала. И маца хуьлу? Адамаш дукха IаьIна къинош совдевлча, Iесалла тIехъяьлча. Цундела, шеко йоцуш, хIоьттина хьал - Делан кхиэл ю, адам гIорасиз деш бала боьссийнарг а АллахI ву, и дIаойбу берг а АллахI ву. БIаьрго а ца лоцучу хIуманах кхеравелла ву тахана паччахьна тIера могIара стагана тIекхаччалц верг. Цхьанхьа а беш тIемаш бац, къуьйсуш латтанаш, маьIданаш, хазнаш яц. Кху хьолехь дуьненан халкъашна девзина, Делан эскар юхатоха цхьа а воцийла и Ша воцург. Вуьшта, цакхетарш дукха хуьлу-кх, царна моьтту, мацаллех шаьш ца делча, Iожаллех кIелхьара девлла. Кху тIебеъначу балийна юкъахь вайх милла а вала мегарг мацалла яц, цамгар ю. ТIаккха цу цамгарх вай кIелхьара дохун дерг а АллахI бен вац. Цуьнга ваьш кIелхьара дахийта, бусалба динехь лелон мегаш долу бахьанаш лелош хила деза, кху дуьненан бахамна санна, эхартана а кечам беш. Вайх хIора а саца а сецна ойла ян еза ша муьлхачу хьоле кхаьчна, хIинца мукъане самадовла, собаре хила деза вай. Вешан къиношна дохкодовлар, юхадовлар, Деле хьастаделла, бусалба адамашна магийна бехкамаш кхочушбеш доIа дар, ламазца, мархица, сагIица, закатца хилар ду вайна оьшург. Кху тIебеъначу балех вай хьалхадоху дерг и цхьаъ бен боцу - собаре некъ бу. Собар ду массо а хIуманна оьшуш дерг.

Цул тIехдаьлча, кху ламанца хьала вайн Куьйгалло деш долу гIо дийцина цаваллал дукха ду – бепиг, жижиг, картол, хох, гарзанаш, дуга, шекар, чай, даьтта кхин а, кхин а, ур-атталла берашна лерина мерза хIуманаш а тIехь латтайо. ХIора дийнахь аьлча санна иштта гIо ду кху лакхахь деш, вуьшта, Iер-дахаран хьал ледара долчу доьзалшна, балхара чохь бисинчарна, баккхийчу а, заьIапчу а нахана ахчанца а мосуьйттаза гIо дина. Иштта гIодар лахахь дуьйла а хаьа вайна, цул сов, Нохчийн республикел ара а кхочу вайн паччахьан Рамзанан а, цуьнан ненан Айманин а комаьрша куьг.

Дала паччахьна тIедиллина декхар кхочушдан аьтто белла вайн Куьйгаллина, Дала шайна и рицкъа даларе терра, иза цара нахе дIа а кхачадо. Дала сагIа а дойла иза, Дала тIаьхьа дисинчух беркат а дойла. Дала пана махка хьовзийна а, Шен диканца, кху дуьненан адамашна - бусалба а, кериста а нахана тIера хIара ун-бала, сингаттам, лазар дIаайдойла.

Восса ламу Iалайкум варохьматуллахI.

Р.РИЗВАНОВ

Масаллин доьзал

Доьзалан де тIекхочуш цхьацца ойланашна юккъехь дагадогIу, муьлххачу а пачхьалкхан ондаллин чIагIо тайп-тайпана меттанаш, гIиллакхаш, юьхь-сибаташ долу цуьнан халкъаш хиларх доьзна хилар. Iилманан кIоргене ца кхевдича а, дукха къа ца хьегча а муьлххачунна девза хIара я иза пачхьалкхан адамаш. Генара таллам ца бича а девза вай а, Къилбаседа Кавказан адамаш а, дукхахболчеран хьежамехь Iаьржачу аматахь хиларна. Амма вайна ваьшна дика хаьа Iаьржачу аматахь а, кIай-меда а, хьаьрса а тайп-тайпана вай дуьйла, цу тIедоьгIна «Кавказан французаш» вайх олуш хилар а. Схьахетарехь, иштта аьллачун хьежамехь вайх лаккхара мах хадор хилла хир ду, вуьшта, ваьш ма-дарра Кавказан ламанхой хилча а вайн мах лаха болуш бац. Кху заманан сихаллин урх лаца а ца гIерташ, собарца, жимма ойла а еш дIасахьажча, вайна а гур ду иза. Цхьа а шеко яц, дика доьзалш алсам болу пачхьалкх дуьненан кхечу мехкашна масал хилар, хIунда аьлча, хIора а доьзал – жима пачхьалкх хиларна.

Цу тIедоьгIна аьлча, вайн кIоштахь а алссам бу масаллин доьзалш, царалахь цхьаъ – Интишева Зайнапан боккха доьзал. Ала деза, доьзалан декъашхой дукха хиларх доьзна дац иза, амма уьш хIора а бераллехь дуьйна а шайн доьзалехь а, кхуучу хенахь нийсархошна юккъехь а, кхиъна бевлла шайн доьзалш кхоьллича а шайн цIийца долчу гIиллакхца, оьздангаллица, комаьршонца, яхь-хьуьнарца къаьсташ бу. Иштта ца хилча церан таро а яцара, хьекъалечу, шайн доьзалехь а, нахаца а гIиллакхе-оьзда а, хьанала къахьегарца а девзачу Аптин а, Зайнапан а доьзалехь бина, кхиъна хиларна. Ша дагайогIучу хенахь мукъа хан кIезиг яьккхина Зайнапа, цхьана балхахь я некъахь йоцуш ца хилла иза цкъа а. Царна юккъехь зударийн болх санна, къонахийн белхаш а бина. 80-чу шерашкахь Шуьйтан кIоштарчу Хьал-Келахь юьртден болх бина, цул тIаьхьа дуккха а шерашкахь Итон-Кхаьллан юьртан советан секретаран Iийна. 1991-чу шарахь дуьйна, пенсе яххалц, Итон-Кхаьллан кIоштан ЗАГС-хь къахьегна. Оцу белхашца цхьаьна юкъараллин белхашца а ларийна, 2003-чу шеран референдуман харжамашна юккъехь а, цул хьалха-тIаьхьа харжамийн комиссешна юккъехь а жигара дакъалаьцна. Кхин дехкарш ца хилча а, Зайнапа бина белхаш а тоьур бара, иза хьунаре зуда хилар довза, амма иза боккхачу доьзалан нана а хилла. Доьзалан дахарехь чекх ца долу ден-ненан белхан хьуьнарш, уьш доьзална чохь чIана латторна оьшу дуьненан гIуллакхаш хиларан, ткъа доьзалехь хIоранна а шен-шенна тидам, уьйр, марзо оьшу, уьш хIора а Аптин, Зайнапан доьзал-пачхьалкхан декхашхо хиларна.

Сан шеко яц, Зайнапна хан ца тоъна доьзалш дукха хьеста а, я царна къаьсттина хIоранна а тидам бан а, амма уьш хIора а ненан син марзонан гечонах чекхваьлла, иза церан кхиамаша тIемаш луш, эшамаша йожош, юха а керлачу дийнан комаьршонах тешарна гIоттуш, яьхна. Нанна, доьзална юккъерчу синуьйран зIено адамаллин а, къоман гIиллакх-оьздангаллин а гурашкахь латтош кхиъна цуьнан доьзал. Цундела бу уьш тахана хIора а вайн мехкан дахарехь къинхьегамца дакъалоцуш. Ши



кIант Ахьмад, Хьамид а, йоI Совбан а Чоьхьарчу гIуллакхийн министерствохь къахьогуш ду, йоI Малика ненан ларца яхана районан ЗАГС-хь ю, кIант Мовсар - кIоштан къинхьегаман а, социальни декъехь а къахьоьгуш ву, йоI-Макка кIоштан депутатийн советехь ю.

Таханенан маьршачу дахарна юкъе ненан деган доккха дакъа диллина Зайнапа, ден меттан волу воккхахволу кIант, шен машенца Iинах вахана, кхелхина. ТIеман, 1999-чу шарахь, ларамаза кхеттачу герагах корта лазийна заьIап висина кIант Юсуп. ТIом дIабаьлла аьлла хеттачу муьрехь, къоман мостагIийн тешнабехках кхелхина Бекхан…

Делахь а, цхьана дийнахь дуьнентIе а ца девлла, иштта дала а ца кхоьллина вай. ХIинца шолгIачу гоне яхана Зайнап, кхуьнан берийн 25 бер кхиъна, церан бераш а ворхIанге кхаьчна. Шенаш кхуьуш хан ца тоьънехь а хIинца берберийн дахар тидамехь латтон хьожу Зайнап. Церан кхиар дикка къаьсташ ду, таханенан таронаш, аьттонаш гIенах ца гина хьал ду, цундела уьш мелла коча а, сонта а кхиарна кхору хIара. Юсупан кIентан Доккин кхиамаша, иза Краснодарехь тIеман академехь доьшуш ву, йоккхае йо денана. Жималлина амална жимма аьрха велахь а динан Iилманехь кхиамаш бу Даудан а, иза хьафиз ву. Дений-нанний аьхна кхуьуш ву Дени а. Иштта хIораннаха лаьцна дийца хIума ду Зайнапан.

…Нохчийн зудчун васт кхуллуш вай даима а тидаме оьцу Дадин Айбика а, Iамаран Заза а, Iапин Жансика а, Гиххойн Таймасха а, иштта кхин а, кхин а вайн къоман исторехь яккха цIе йисина зударий. Суо жимма а гIалат йолу аьлла ца хета суна, церан тIахьенах ю Итон-Кхаьллара Интишева Зайнап а, Кхокхатара Вагуева Халипат а, иштта кхин а, кхин а вайн лаьмнашкахь беха наной, зударий-къонахий. Дала могашаллица хан яхйойла церан.

Т.САРАЛИЕВА

Нохчийн лаьмнийн сирла аз



Нохчийн Республикин халкъан яздархочо Ахмадов Мусас Нохч-ГІалгІайн пачхьалкхан телевиденехь ХХ-чу бІешеран 80-чу шерашкахь дІахьош яра «Орамаш» цІе а йолуш передача. Дахарехь алссам зеделларг долуш, шайн къоман селханех лаьцна дан къамел долуш, дош говза, маьІне олуш, хьекъале а, хьуьнаре адамаш хуьлура оцу передаче Мусас кхойкхурш. Нохчийн халкъан поэт Сулейманов Ахьмад кест-кеста хуьлура передачин хьаша. Телехьовсархоша хазахетарца ладугІура поэта дечу чулацамечу къамеле. Иштта, цкъа ша передаче вогІуш цхьа жима кІант валийра Ахьмада. Хетарехь, кІентан ворхІ-бархІ шо хир дара. ХІетахь оцу жимачу кІанта дечиг-пондарца дІааьлла илли дагара ца долу суна. Со чІогІа цецъяьллера, оццул доккха илли жимачу кІантана дагахь хаарх. «Орамаш» передачин декъашхоша дийцарехь, кІант Итон-Кхаьллара вара. Цуьнан цІе Шарпуди яра. «Зайтан Шихмирзин илли» дара Шарпудис цхьана дашна гал ца волуш дІааьлларг. Бакъволчу иллиалархочун шовкъаца, цІеначу нохчийн маттахь дІаэлира кІанта и илли, тІаьхьа, хиира суна иза Итон-Кхаьлларчу школин хьехархочун Исмаилов Нажмудин хилар.

цІийне, аккомпаниаторан дарже. Иллиалархошна тІаьхьара пондар лакхар дара цуьнан декхар. Амма, кест-кеста цхьацца проекташ хуьлура оцу шерашкахь вайн махкахь кхочушъеш кІоштийн Культурин цІеноша дакъалаца дезаш. Иллиалархой тоьаш ца хилча, илли олуш сцени тІе вала везаш хуьлура Шарпуди. Къаьсттина хазахеташ цо дІаолура Рашидов Шаидан дешнаш тІехь Салманов Іилмана мукъам баькхина «Хьуна ма моьттийла» илли.

Хьуна ма моьттийла, Даймехкан арахь
Зезагаш кхачийна, хьуо йолчу веана,
Я, сайна езачу хазачу гІалахь,
Кхечарна ца оьшуш, дог хьайна деана.
Хьуна ма моьттийла, Кавказан ломахь
Шовданан кхачийна сан кийра Іабо,
Я доггах дезачу хьомсарчу къоман
Седарчий кІезиг ду сан керта дало…

Кхиамийн ирхешка



2011-чу шеран чиллин (февраль) баттахь дуьйна Шахбулатов Іаднанан цІарахчу Нохчийн пачхьалкхан филармонехь болх беш ву Ш.Исмаилов. Юьхьанца филармонин исбаьхьаллин куьйгалхо волуш болх бира цо. Делахь а, кхолларалли стагана Іаламат хала ду хьаькаман дарж дІакхехьа. Кхолларалли хан ца юьтуш, дина юьстахдаха деза гІуллакхаш, катоьхна кхочушдан дезаш тІедехкина декхарш дукха хуьлу мелла а даржехь волчу стеган. Иллиалархочун ойла даима а кхолларалли лехамашкахь яра. Цундела цкъа шега схьакховдийча, гІиллакхна, схьаийцира цо филармонин исбаьхьаллин куьйгалхочун дарж, амма масех бутт балале, шен лаамехь дитира цо и жоьпаллин дарж. Тахана шен похІмица вайн махкахойн дегнаш хьоьстуш болх беш ву иллиалархо. Вайн мехкан куьйгаллин терго йоцуш ца вуьсу иллиалархо. 2014-чу шарахь Шарпудина «Нохчийн Республикин дуьхьа хьуьнарш гайтарна» мидал елла. Ткъа 2015-чу шарахь цуьнан хьанал къинхьегам, похІма тидаме эцна, Нохчийн Республикин Куьйгалхочо Кадыров Рамзана, нохчичун яхь кийрахь йолчу стагана кхин лаккхара хуьлийла йоцуш, уггаре а лаккхара, мехала совгІат дира Шарпудина «Кадыровн Орден» яларца. Цо хІайкал санна лардеш, даима шен довхачу дагна уллехь лелош ду и совгІат. Амма толамийн ирхенаш яьхнера аьлла, цхьа мисхал а амал хийцаелла вац иза. Цунна цкъа а ца хиънера куралла хІун ю. ХІинца а ца хаьа. Шарпуди даима а вара халкъан дуьхьа къахьоьгуш, цІеначу даггара и халкъ дезаш а. Цо дІа мел боккху ког а, мел доІу са а ша схьаваьллачу халкъан дуьхьа ду, нохчийн къоман зовкх деба лууш, дай баьхна латта токхе хила лууш веха иза кху малх кхетачу дуьненахь. Цундела массарна дукхавеза. Дерриге а дуьне маракъовллал, адам дукхадезаш, массаьрца мегаш, тарлуш, чекхволуш ву иза. Цхьана а стагаца хьагІ-гамо йоцуш, массаьрца велавелла-векхавелла, гІиллакхе ву. Адамаллех юьззина ю цуьнан амал, къинхетамах дуьззина ду комаьрша дог. ДогцІена хиларо кхачийна иза кхиамийн лаккхенашка. Исмаилов Шарпудин хІора илли мерза кхаъ бу вайн махкахошна. Царах цхьаъ ду Окуев Шимин дешнаш тІехь Цугаев Супьяна мукъам баькхина «Ламанан кІант» илли.

Хьо вешшехь ламано
Дуьзна дог деллари,
Даточу шовдано
ДегІ лийчадинарг,
Бераллехь майралла
Аганчохь векнарг, –
Хьо вуй и, дозалло,
Нохчо кІант, аьлларг?...

Баьхначу кхиамех цкъа а тоам беш вац и синтем боцу стаг. Кхолларалли кІоргенашка кхийдаш къахьоьгуш ву. Балхана юкъара ца волуш, Соьлжа- ГІалара мехкадаьттан техникин университет чекхъяькхина цо 2014-чу шарахь. ХІинца а, Татаев Вахин цІарахчу Нохчийн пачхьалкхан культурин а, искусствийн а колледжан 2-чу курсехь доьшуш ву. Исс доьзалхо ву цуьнан. Царах цхьаъ, уггаре хазаниг Лаура, ден лорах дІаяха дагахь йолуш, Нохчийн пачхьалкхан культурин а, искусствийн а колледжехь доьшуш ю. Делахь а, цкъачунна, нохчийн эстрада серлайохуш, вайн лерса хьоьстуш, шен зевнечу иллешца вайга адамалле, къинхетаме, дай баьхна латта дезаре кхойкхуш Исмаилов Шарпуди ву. Веза-Воккхачу Дала эша ма бойла Нохчийчоьнна, иштта, яхь йолу, похІме кІентий.

А.ГАЗИЕВА

Бералла

Нохч-ГІалгІайн пачхьалкхан университетан географин факультет чекхъяькхина, Итон-Кхаьлларчу юккъерчу школехь хьехархочун болх беш хиллачу Исмаилов Нажмудин а, цуьнан хІусамненан Энисатан а доьзалехь 1978-чу шеран хІутосург (май) беттан 12-чу дийнахь дуьнен чу ваьлла Исмаилов Шарпуди. Бераллехь дуьйна хьуьнаре а, хьекъале а кхуьуш вара кІант. Шен да санна, сема лерса долуш а вара. Нохчийн халкъан барта кхолларалла дукхаезаш вара Нажмуди. Къаьсттина дукхадезара цунна турпалаллин иллеш. Шийлачу Іаьнан ехачу буьйсанашкахь дечиг-пондарца шена дукхадеза иллеш олуш хан токхура Нажмудис. Уьш тайп-тайпана дара уьш: Мадин Жаьммирзех, Дог майрачу Варех, Шотойн Аьстамарах, Олдум-ГІезех, Таймин Биболатах, Эвтархойн Ахьмадах, иштта дукхха кхидерш а. Иллешка леррина ладугІура доьзало. Школе деша вахале, дас дІаолу дукхах долу иллеш дагахь хаьара Шарпудина. Дас Іамийнера кІант. Иштта вевзинера Шарпуди Къилбаседа Кавказехь гІараваьллачу нохчийн поэтана Сулейманов Ахьмадна. КІентан похІманах там хилла валийна хиллера цо иза телевидени. Шен нийсархой санна, аьрхачу бераллех марзо эца а ларийна иза. КІант аьхкенан хазачу деношкахь хьуьнах цІазамаш, стеш, кхораш, хьаьмцаш лахьо ихна. Де дохделча Орган тІе лийча вахана, гІулгех, лаьнганах левзина. Иза дерриге а мокъа еанчу хенахь дора Шарпудис. Да хьехархо хиларе терра, дукхах йолу хан книгаш тІехь яккха езна цуьнан. Дена чІогІа лаьара шен кІентий Іилманца уьйр-марзо йолуш хуьлийла. Цундела, дешархойн аьхкенан садоІучу хенахь, еша еза литература билгалйоккхура царна. Дас аьлларг Шарпудина даима а хилла Дала аьлча санна. Дукха жимачохь волавелла иза оьрсийн а, нохчийн а литература еша. КІентан бералла къинхетамза хьаьшира, ХХ–ХХІ-гІий бІешераш хотталучу муьрехь, вайн махка хьаьвзинчу сингаттамаша. Шарпуди уьтталгІачу классехь доьшуш вара Нохчийчохь хьалхара тІом болалуш. Дешар дагадогІучохь ца дитира вай нохчийн къоьжачу лаьмнех хьаьрчинчу буьрсачу тІеман цІаро. Къаьсттина лаьмнашкахь бомбанаш етташ федеральни авиаци яра, цуьнца йохье юьйлуш, Іожаллин дарц чудетташ, артилери яра. Царах моз тардеш, тІаккха ярташка, кІотаршка гІашсалти кхочура, «Зачистка» ян. ТІеман и эрчо гина, лайна ву Шарпуди. Зуламхоша Нохчийчоьнах хьарчийна буьрса тІом бахьанехь хьалххе воккха хилар тІедуьйжира кІантана. Хала-атта школа чекх-м яькхира цо. КхидІа деша вахар, цкъачунна, генна юьстахататта дийзира. Берриге а махкана беанчу чолхечу муьрехь, Энисатана ца лиира шен дукхавеза кІант уллера дІавалийта. Даима а лаьмнашкахь Іийна йолчу цунна ураттала Соьлжа-ГІала а ворхІ ломал дехьа хетара.

Иллиалархочун новкъахь

Дас, нанас аьллачунна тІера ца волуш, шен жимахволчу шина вешина а, цхьаъ бен йоцучу йишина а Іуналла деш цІахь сецира Шарпуди тІеман луьрачу хенахь. Ткъа иза дІабирзича 2002-чу шеран юьххьехь Исмаилов Шарпуди балха хІутту Итон-Кхаьллан кІоштан Культурин

Ведучи

№ 18 (361), 26 мая 2020г.

Ехаш ю шира Зумса

ХIинцачул 150 а, 76 а, ткъех шо хьалха а ламанхой - вайн дай баьхна меттигаш кIезиг яц Итон-Кхаьллан кIоштахь. Царах цхьаерш вайна девзачу бахьанашца дIатесна, аккхаевлла, наггахь кешнашна тIедогIуш адамаш долуш лаьтташ ю. И тачанан некъ дIабалахь, царах хIун хир ду?

Иштачех яц шира Зумса. Кху юьртан администрацин куьйгалхочо Дудугов Хьусейна дийцарехь, шеко йоцуш, иза доьзна ду кхузара схьадевллачу адамех. Дуккха а шираллин истореш ю Зумсах йоьзна. Масала, Хьусейна дийцарехь, кхузара схьаваьлла хилла имам Шамилан наиб МаIаш. Тахана Казахстанан мажлисан депутат волчу Мурадов Ахьмадан 5-гIа да хилла иза. Вуьшта, МурадовгIарах аьлча, шайн орам бевзаш, шайн дай схьабевллачу юьртахь долчунах – хуьлда иза маьждиг дар, некъ биллар, тIай тадар, иштта кхидолчу Iер-дахаран гIуллакхашкахь дакъалоцуш бу. Иштачех ву СемаIашкахь вехаш волу Мурадов Рамзан, кест-кеста Зумсахь хуьлуш а, кхунах доьзначу дика-вонна хьалхаваьлла а ву иза. СемаIашкахь туркх волу Iеламстаг Мохьмад-Бешар а, цуьнан ваша Ахьмад а Зумса сих-сиха кхочуш ву. Церан дай бевзаш болу дешна нах хилла, Зумсара схьаваьлла ву



вевзаш волу Iеламстаг Iабдурохьман а. Вай махкахдахале Зумсахь баьхна бу уьш, цIадирзинчул тIаьхьа кху лакха хьалацабахкийтар бахьана долуш, СемаIашкахь севца а, цигарчу, вайн махкахь дика евзаш хиллачу стоьмех, хас-стоьмех консерваш ечу заводехь белхаш бина а цара.

Вуьшта, хIара тIаьххьара тIемаш хилале хьалха, кхузахь, Зумсахь вехаш вара церан деваша Сайд-Мохьмад. Шайн дай санна, хьекъал долуш, динан Iилма санна, дуьненан Iилма девзаш бу МурадовгIар. Масала, Рамзан историн говзанча ву, советийн заманчохь сийлахь лерина Ленински стипендиат волуш, аспирантура чекхъяккхина, университетехь Iилманчин, хьехархочун болх бина цо. Шайн дайн орамах ца хада Iалашо йолуш, Зумсахь цIенош деш ву Ахьмад а, иштта цхьамогIа кхиберш а.

Кху тIаьххьрчу шина-кхаа баттахь вайн махкахь хIоьттинчу хьолах юьстаха ца йисина Зумса а. Вайна ма-хаьара, болх-некъ битина чохь севцца вайн бахархой, вуьшта, кхузахь бехачу 14 доьзална хIора дийнахь, я де-ши де даьлча, хIетте а, Iер-дахаран хьелашна оьшург латтош ю Кадыров Ахьмад-Хьаьжин цIарах йолу Региональни юкъара фонд. ХIора а доьзална бепиг, дама, шекар, жижиг, дуга, гречка, даьтта, картол, хох – и даккха гIерташ куьг ца сацош вай къахьоьгуш долу даа кхоьллина долу дерриге а делла, луш а лаьтта фондо, 5 доьзална 20 бIе туьмнаш ахча а делла. Цул сов, бахархошна шайн керта-беша дIаен хьаьжкIийн, картолийн, кхоьн тоъал хIу делла. Уьш дIа а дийна юьртахоша,Iалашдеш, кхиош а бу, даьхни а ду лелош. Дела реза хуьлда кху атта йоцучу заманчохь тхо тергамза ца дуьтучу вайн куьйгалхочунна Кадыров Рамзанна а, цуьнан тIедиллар хьем боцуш кхочушдечу Алхастов Мовсара куьйгалла дечу Итон-Кхаьллан кIоштан администрацина а, Кадыров Ахьмад-Хьаьжин цIарах йолчу Региональни фондана а, цуьнан куьйгалхочунна Кадырова Айманина а. Уьнах а, цуьнан баланах а довла хала дац иштта куьйгалхой болчу махкахь. Дала шун сагIа къобалдойла, Дала сий-лерам бойла шун!

Меттиг баьллачара ала луур дара суна, хIара догIанаш совдевлла, Зумс-Эхк дистина деъна, тIай дохийнера тхан. Аьрхадаьллачу ламанан хиэ «дахарх» хадийна дукха ца дисира тхо. Мел тий-садалархх а, тхайчух гIуллакх хир долуш дацара. Шина дийнахь хьаьвзинчу, Межиева Берланта куьйгалла дечу меттигерчу ГУДЭП-о, еза техкина хьала ялийна, лерина болх бар бахьана долуш, тIай тодира, тIебоьгIу некъ дIатобира, тхан сингаттам дIабелира, дIа ца долхахь а, яхьаш веънарг тIеэца ма везара тхан!

Зумсан бахархойн цIарах, уьш 50 стагах лаьтта 14 доьзал бу, оцу мало йоцучу бакъахьарачу белхалошна а, церан куьйгалхочунна Берлантана а доккха баркалла боху оха. Дела реза хуьлда шуна, Дала меле дуьллийла!

С.АСТАМИРОВА

Ситуация с коронавирусом в Итум-Калинском районе стабильная



В условиях ограничительных мер Итум-Калинская участковая больница работает в штатном режиме.

Как рассказала заведующая медучреждения Лиман Сулаева, ситуация с коронавирусом в нашем районе на данный момент стабильная. По ее словам, в районе есть больные COVID-19. Также с марта и по сей день есть карантинные больные.

– С сожалением приходится констатировать, что в нашем районе зарегистрировано два случая с летальным исходом. Ради объективности надо отметить, что фактически проживали они за пределами Итум-Калинского муниципального района, – пояснила она.

Служба скорой помощи проводит свою работу на должном уровне. Машина скорой помощи оснащена ИВЛ-аппаратом, кислородным баллоном. Осуществляется транспортировка больных на КТ.

– Больных с поражением легких более 25 процентов госпитализируем в перепрофилированные медицинские учреждения. В случае, если есть сопутствующая патология, госпитализируем и тех, у кого поражение легких менее 25 процентов. То есть к каждому случаю подходим индивидуально. Без внимания мы никого не оставляем. Если не подтверждается диагноз на КТ, проводим проверку больных на предмет других заболеваний, – добавила заведующая участковой больницы.

Она также отметила, что карантин в районе строго соблюдается. Проводится забор анализов на COVID-19 карантинным больным.

– Мы не снимаем с карантина по истечении 14 дней, если не подтвердятся два отрицательных анализа на COVID-19 у всех членов семьи, – подчеркнула Л. Сулаева.

Медперсонал больницы состоит из 13 человек. Все препараты – противовирусные, противовоспалительные, препараты для оказания экстренной помощи в Итум-Калинской участковой больнице имеется в достаточном количестве.

– Хотелось бы отметить, что сотрудники ОМВД России по Итум-Калинскому муниципальному району ведут активную работу по противодействию распространению COVID-19. Уже третий месяц днем и ночью они, как и медработники, работают, как говорится, на износ, за что, пользуясь, случаем, хотела бы выразить им огромную благодарность, – подытожила Лиман Сулаева.

А. БАУДИНОВ

Почти каждому жителю села Кокадой оказана помощь от РОФ им. Ахмата-Хаджи Кадырова

Вряд ли в нашей республике найдется хотя бы один человек, который не слышал бы о РОФ имени Первого Президента ЧР, Героя России Ахмата-Хаджи Кадырова и об его беспрецедентной благотворительной деятельности. С начала периода самоизоляции в Чечне роздано более 1 млн. продуктовых наборов. Более 50 тысяч семей получили финансовую поддержку на общую сумму 700 млн. рублей. Более того, только с начала режима самоизоляции Фонд раздал 88 квартир. И, конечно же, обеспечил население и медицинские учреждения огромным количеством средств индивидуальной защиты, противочумных костюмов, оборудования и лекарствами для борьбы с коронавирусом. Наше население на деле убедилось в правдивости заявления Главы ЧР Рамзана Кадырова о том, что ни один житель региона не останется голодным.

Помощь Фонда, безусловно, ощутили на себе и жители горных районов республики, в том числе Итум-Калинского муниципального района.

Как рассказал глава администрации Кокадойского сельского поселения Байсангур Идрисов, практически каждому жителю села систематически оказывается помощь в виде продуктовых наборов: картофель, лук, помидоры, молоко, соль, сахар, – вот далеко неполный перечень продуктов, доставляемых практически в каждую семью села Кокадой.

– С самого начала режима самоизоляции жителям села Кокадой оказывается материальная помощь в виде проудктовых наборов и денежными средствами, – отметил Байсангур Идрисов. – 68 семьям систематически оказана помощь в виде продуктовых



наборов. 16 человек получили финансовую помощь в размере 196 тысяч рублей. На праздник Ид Аль-Фитр в селе Кокадой раздали 500 подарков для детей, а также около 500 килограммов мяса. Через каждые два-три дня в село доставляется 300-400-500 буханок хлеба.

По словам главы администрации, также оказана помощь для проведения весенней посевной кампании в личных хозяйствах и огородах. Для этого жителям раздали семена картофеля, фасоли и кукурузы в расчете на 239 соток земельных участков.

– Благодаря РОФ имени Первого Президента ЧР, Героя России Ахмата-Хаджи Кадырова наши жители не испытывают трудности с продуктами питания. От имени всех жителей села и от себя лично хочу поблагодарить Главу ЧР Рамзана Кадырова и Президента РОФ имени А.-Х. Кадырова за столь щедрую помощь в условиях режима самоизоляции, – подчернкул Б. Идрисов.

Д.ЭЛИХАНОВ

Газета «Ведучи»
Главный редактор
Т.А.САРАЛИЕВА
Газета освещает события, происходящие в Итум-Калинском муниципальном районе Чеченской Республики

Учредитель: Администрация Итум-Калинского муниципального района
Адрес учредителя/издателя: 366404, Чеченская Республика, Итум-Калинский район, с.Итум-Кали, ул. А-Х.Кадырова, д.14
Газета выходит 4 раза в месяц

Газета зарегистрирована Управлением федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Чеченской Республике.
Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 20-00074 от 01 февраля 2013 г.

Газета набрана и сверстана на компьютерной базе редакции газеты "Ведучи".
Адрес редакции: 364014, ЧР, г. Грозный, ул.Н.А.Назарбаева, 92
тел.: 8 (938) 893-04-10

Отпечатана в ФГУП ИПК «Грозненский рабочий»
Адрес: г.Грозный, ул.Интернациональная, 12/35
Подписано в печать: 25. 05. 2020.
по графику в 18.00, по факту в 16. 00
Тираж - 1000 экз. Заказ №